# Konnen Dwa Ou

## Yon Gid pou Fanmi ki Imigran nan Pennsylvania




Dosye sa a la pou ba w enfòmasyon sèlman.

Lefètke li posib pou lwa ak politik nan zafè imigrasyon chanje, li enpòtan pou w pare! Se yon gid pou ede w konprann dwa ou genyen, prepare fanmi w, epi ede w jwenn resous yo nan Pennsylvania.

Enfòmasyon sa yo pa ranplase konsèy yon avoka pwofesyonèl. Li enpòtan pou w al wè avèk yon avoka imigrasyon ki kalifye pou nou ka chita pale sou detay dosye pa w la epi jwenn konsèy jiridik ki apwopriye.

Enfòmasyon sa yo ajou apati dat sa a: 10 janvye 2025

Catholic Social Services – Archdiocese of Philadelphia

CJP

CWS Lancaster

Justice at Work

Esperanza Immigration Legal Services

HIAS Pennsylvania

Nationalities Service Center

# Lis Sijè Yo

Konnen dwa ou: Fè atansyon epi prepare w!..... 1
Kisa ICE ye?..... 2
Kiyès ki ka an danje?..... 3
Kijan mwen kapab evite Fwod Imigrasyon?..... 4
Prepare w pou Plis Mezi Represyon bòkote ICE..... 5
Ekspilsyon Akselere: Sa ou dwe konnen..... 6
Sa pou w fè si ICE vini lakay ou..... 7
Manda Lajistis bay pou Fè Fouy..... 8
Manda ICE..... 9
Kisa pou w fè si ICE arete w nan yon espas piblik?..... 10
Kisa pou w fè si ICE kanpe w pandan w nan machin ou?..... 11
Kisa pou w fè si ICE antre nan travay ou?..... 12
Kijan pou w byen ranmase enfòmasyon sou ajan ICE yo lè w kwaze 13
avèk yo oswa lè y ap fè yon arimay?..... 14
Èske w abite nan yon vil ki sou fwontyè?..... 15
Kisa pou w fè si ICE arete w?..... 16
Kijan pou w lokalize fanmi ki nan gadavi yo?..... 18
Planifikasyon Sekirite pou Fanmi..... 19
Lis Verifikasyon Papye pou Fanmi ki Imigran..... 20
Lis Moun pou Kontakte lè Gen Ijans..... 21
Opsyon Detansyon ki Disponib si yo kenbe Paran an (yo) nan gadavi
oswa yo depòte li (yo)..... 22
Resous Jiridik nan Pennsylvania..... 23
Lòt Videyo ak Resous sou Konnen Dwa Ou..... 25
Nimewo Liy Asistans Nasyonal..... 26

# Ou genyen dwa kèlkeswa estati imigrasyon ou

**KONNEN DWA OU:** Pwoteje Tèt Ou ak Fanmiou.
Piske politik nan zafè imigrasyon nan peyi Etazini ap chanje, OU GEN YON AVANTAJ LÈ W GEN ENFÒMASYON! Pa rete tann—enfòme w epi prepare w pou asire ou menm ak fanmi ou konprann dwa ak pwoteksyon jiridik nou genyen yo.

Dwa Ou Genyen nan peyi Etazini – Kèlkeswa Estati Imigrasyon an:

- **Egalite Pwoteksyon:** Ou gen dwa pou yo ba w yon tretman ekitab selon lalwa epi yo pa kapab fè diskriminasyon kont ou sou baz estati imigrasyon ou.
- **Pwosè Ekitab:** Ou gen dwa pou w gen yon pwosedi jidisyè ki ekitab.
- **Dwa pou Rete An Silans:** Ou pa oblije reponn kesyon otorite imigrasyon yo.
- **Dwa pou Gen Vi Prive:** Otorite imigrasyon yo pa kapab fouye kay ou ni zafè pèsonèl ou san yon manda valid.

## Fason pou itilize yon Kat Konnen Dwa Ou

Yon kat "Konnen Dwa Ou" se yon zouti ki enpòtan pou imigran ki pa gen estati legal yo. Men fason li kapab pwoteje w:

- Rete An Silans: Bay ajan ICE yo kat la pou w montre yo ou vle rete an silans.
- Mande Asistans Jiridik: Kat la di aklè ou mande pou yon avoka reprezante w.
- Rete Tèt Frèt: Lè w itilize kat sa a, ou evite di pawòl yo kapab itilize kont ou.
- Lè w genyen kat sa a sou ou, ou mache tou pare epi ou asire w yo respekte dwa ou lè w nan yon sitiyasyon difisil.




## Telechaje Kat Konnen Dwa Ou An pou Ka Enprime Li

- Ale nan lyen sa a: CLINIC Legal Resources.
- Eskane Kòd QR ki sou bò dwat la.
- Klike sou imaj la pou w ka ale nan lyen an.




**Telechaje Aplikasyon Know Your Rights la** eskane Kòd QR ki sou bò dwat la. Jwenn enfòmasyon sou dwa ak resous jiridik ou genyen yo nan 16 lang. Sizoka ta gen yon ijans, anonse dwa w genyen yo an Anglè epi voye yon mesaj tèks bay yon lis moun pou kontakte ou te chwazi oparavan.

# Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn
# (Immigration Customs Enforcement, ICE)

**Kisa ICE ye?**
ICE se yon ajans federal ki responsab pou fè aplike lalwa anba lobedyans Depatman Sekirite Enteryè (Department of Homeland Security, DHS). Misyon li se fè aplike lwa sou imigrasyon, pwoteje sekirite nasyonal, epi mennen ankèt sou aktivite ilegal ki gen pou wè ak imigrasyon, komès, ak ladwàn.

**Kisa ICE Fè?**
- Li Fè Aplike Lwa sou Imigrasyon:
    - Li idantifye, arete, epi depòte moun ki vyole lwa Ameriken sou imigrasyon.
- Li Jere Sant Detansyon yo:
    - Li sipèvize etablisman kote yo ka kenbe imigran yo anvan depòtasyon oswa pwosedi jidisyè yo.
- Li Pran Mezi pou Fè Aplike Lalwa:
    - Li fè arimay nan espas travay ak lòt aksyon pou fè aplike lwa sou imigrasyon.

**Pwen ki Enpòtan pou Imigran yo:**
- **Konnen dwa ou genyen lè w kwaze avèk ICE.**
- **Mache tou pare avèk plan sekirite sizoka yo ta kenbe w nan gadavi.**
- **Mande yon avoka konsèy si gen risk pou yo sanksyone w oswa pou w gen pwoblèm jiridik.**

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb ICE la kote ou kapab:
- Mete Adrès Ou Ajou
- Pran oswa Chanje yon Randevou avèk ICE
- Lokalize yon Moun yo Kenbe nan Gadavi

Eskane Kòd QR la oswa ale sou www.ice.gov pou w jwenn plis enfòmasyon.






# Ki Moun Nouvo Politik nan zafè Imigrasyon yo Ka Menase?

Nouvo administrasyon an ka konsantre li sou aplikasyon lwa sou imigrasyon kont tout moun ki pa gen estati legal, menm sila yo ki pa gen dosye kriminèl. Sa ki fè gen plis risk pou yo depòte anpil imigran.

**Men Gwoup Moun ki Ka An Danje yo:**

- Moun ki Pa Gen Estati Imigrasyon Legal:
  - Moun ki pase plis tan nan peyi a pase tan viza a otorize a.
  - Moun ki travèse fwontyè oswa pran bato pou yo antre nan peyi Etazini.
- Moun ki Gen Estati Imigrasyon Legal ki Genyen Kèk Kondanasyon Kriminèl:
  - Moun ki gen kat rezidans yo.
  - Moun ki mande azil yo.
  - Moun ki gen viza ki valid (etidyan, travayè elatriye).
  - Benefisyè TPS yo, moun ki gen viza tip U/T yo, benefisyè DACA yo, ak sila yo ki sou pwogram imanitè.
- Moun ki Prezan nan peyi Etazini Apre Yo Fin Pase Lòd pou Mete yo Deyò nan Peyi a:
  - Moun ki gen lòd definitif pou yo mete yo deyò oswa depòte yo.

**Kisa Ou Kapab Fè?**

- **Pwograme yon chita pale avèk yon avoka imigrasyon** pou w konnen si w kalifye pou w benefisye yon avantaj oswa alèjman nan zafè imigrasyon.
- **Eskane kòd QR ki** anba a pou w chèche yon avoka imigrasyon ki kalifye nan yon òganizasyon san bi likratif oswa ale sou: https://www.immigrationadvocates.org/legaldirectory

An jeneral, òganizasyon san bi likratif yo souvan genyen yon lis ki gen avoka imigrasyon fyab ki toupre w yo. Mande yon lis referans si avoka òganizasyon san bi likratif yo pa kapab pran dosye pa w la.



# Kijan mwen kapab evite fwod imigrasyon?

Chèche konsèy jiridik nan zafè imigrasyon sèlman nan men yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan Depatman Lajistis akredite. Verifye avoka yo rekonèt yo sou www.justice.gov/eoir. Fè atansyon ak sèvis magouy yo ak fo pwomès yo.

**Fè Atansyon ak Fo Pwomès yo:**

- Moun k ap ofri kat rezidans osnon kat otorizasyon travay rapid oswa fasil yo.
- Pwomès pou bay pèmi travay oswa viza lapoula.
- Sila yo k ap di pa gen okenn risk ni konsekans.
- Sila yo ki di yo kapab afekte desizyon otorite imigrasyon yo.

**Sa pou Pa Fè:**

- Pa peye pou fòm aplikasyon gouvènman yo—yo gratis sou www.uscis.gov/forms.
- Pa bay papye orijinal yo—bay kopi yo pito.
- Pa siyen fòm ki pa fin ranpli oswa ki vyèj.
- Pa siyen anyen ou pa fin byen konprann oswa ki tradui.

**Sa pou Fè:**

- Poze kesyon, menm si se yon moun ou fè konfyans ki rekòmande w avoka a.
- Mande avoka w la bay prèv ki di yo rekonèt li kòm avoka ki gen lisans oswa akreditasyon.
- Chwazi avoka ki gen yon kabinè fizik.
- Jwenn yon kontra sèvis alekri ki gen siyati epi kenbe yon kopi.
- Mande kopi tout papye ki prepare epi ki gen siyati yo.
- Mande yon resi detaye ki gen non ak adrès avoka a.

**Pou w gade yon videyo, eskane kòd QR la oswa ale nan lyen sa a:**
**https://www.youtube.com/watch?v=YZKTbnev8j4&t=5s**
**Pou w enprime yon afich, ale sou pajwèb ILRC a.**




Pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w evite magouy, jwenn bon asistans jiridik lan, epi denonse Notè yo, ale sou www.stopnotariofraud.org. Ou kapab siyale oswa denonse fwod imigrasyon nan:

- Biwo Pwokirè Jeneral Pennsylvania a: 717-787-0822.
- Pwogram Prevansyon Fwod ak Abi EOIR tribinal imigrasyon an: (703) 305- 0470 or EOIR.Fraud.Program@usdoj.gov
- Komisyon Federal Komès: https://reportfraud.ftc.gov/#

# Prepare w pou Plis Mezi Represyon bòkote ICE

**Konnen Dwa Ou:**

- Aprann Dwa Ou. Lè w gen konesans, ou gen pouvwa.
- Ou gen dwa pou w rete an silans, pou w pa kite yo antre lakay ou san yon manda lajistis bay pou fè fouy, epi pou w mande yon avoka si yo kenbe w nan gadavi.

**Mache avèk yon Kat "Konnen Dwa Ou" sou ou:**

- Se pou w gen yon kat KYR ak enfòmasyon pou kontakte yon avoka ki fyab nan men w.
- Pa mache avèk fo papye ni papye peyi w ba ou.

**Kreye yon Plan Sekirite:**

- Planifye avèk Fanmi an:
  - Deside pou konnen kiyès k ap pran swen timoun yo ak jere lajan si yo kenbe yon moun nan gadavi.
- Konsève Papye yo Yon Kote ki An Sekirite:
  - Konsève paspò, batistè yo, ak lòt papye ki enpòtan yo yon kote ki an sekirite epi ki aksesib.

**Mande Yon Avoka Ede Ou:**

  - Chita Pale avèk yon Avoka Imigrasyon.
  - Gade pou wè si l posib pou w ajiste estati w oswa pou w aplike pou pwoteksyon imigrasyon bay yo.
  - Pou Òganizasyon San Bi Likratif yo:
    - www.immigrationlawhelp.org
    - www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers-map
    - Si òganizasyon san bi likratif yo pa kapab ede w, mande yo pou yo ba w yon lis ki gen avoka imigrasyon ki fyab nan zòn kote w rete a.

**Bati Kominote Ou:**

- Ale nan òganizasyon relijye oswa òganizasyon kominotè yo pou w ka jwenn sipò, resous, epi pou w ka santi w fè pati yon kominote.

**Suiv Estati Dosye W La:**

- Verifye Estati Dosye W la nan USCIS:
  - Ale sou https://egov.uscis.gov/ Mete Nimewo Resi w la (ki nan fòm imigrasyon w yo) oswa
  - Itilize kont USCIS ou genyen anliy lan, si w genyen youn. Pou w kreye yon kont USCIS, ale sou: https://www.uscis.gov/file-online/how-to-create-a-uscis-onlineaccount.
- Verifye Estati Dosye EOIR (Tribinal Imigrasyon) Ou an:
  - Rele nan 1-800-898-7180 oswa ale sou https://acis.eoir.justice.gov/en/.
  - Mete Nimewo Etranje w lan (A#).

**Konnen Nimewo Etranje W la (A#):**

- **Si w gen yon nimewo Etranje, mete l kote pou w jwenn li—li enpòtan anpil pou w suiv dosye w la.**

**Lefètke ou prepare, sa kapab pèmèt ou asire sekirite w ak sekirite fanmi w sizoka ta gen risk pou yo depòte nou. Pran mezi enpòtan sa yo.**

# Ekspilsyon Akselere: Sa Ou Dwe Konnen

### Kisa Ekspilsyon Akselere a ye?

- Ekspilsyon akselere a pèmèt ICE oswa CBP depòte kèk moun san papye san yo pa pase devan yon jij imigrasyon. Yo pa aplike règ sa a si moun nan pè retounen nan peyi kote l soti a epi li pase yon entèvyou pou yo verifye si l gen yon rezon ki valab pou l pa retounen nan peyi l. Si l reyisi entèvyou a, li ka mande azil.

### Kisa ki Chanje an 2025?

Yo ka itilize Ekspilsyon Akselere a nenpòt kote nan peyi Etazini kont:

- Nenpòt moun yo arete nenpòt kote nan peyi Etazini, ki kontinye prezan nan peyi a pandan mwens pase de (2) lane.
- Nenpòt moun yo arete nan mwens pase 160 kilomèt (100 mil) nan yon fwontyè tèrès Etazini ki kontinye prezan nan peyi Etazini pandan omwen 14 jou men pandan mwens pase de (2) lane.
- Nenpòt moun ki nan pwosedi ekspilsyon, ak/oswa ki nan pwogram imanitè, epi ki elijib pou ekspilsyon akselere. Ajan imigrasyon yo ka chwazi itilize pwosedi akselere sa a lè yo abandone dosye ekspilsyon yo a oswa mete fen nan pwogram imanitè yo a.

### Kijan Ou Kapab Prepare?

- **Konnen Dwa Ou –** Ou gen dwa pou w rete an silans, pou w pa ouvri pòt kay ou, epi pou w pa reponn kesyon ICE oswa CBP.
- **Mache ak Prèv Prezans nan peyi Etazini –** Konsève kopi papye tankou kourye ki gen so lapòs, kontra lwaye, oswa dosye lekòl ki montre w ap viv nan peyi Etazini pandan plis pase de (2) lane.
- **Evite Mache ak Pyès Idantite Peyi Etranje –** Pa mache ak yon paspò etranje ni lòt papye peyi etranje, piske yo kapab itilize yo kont ou.
- **Konsève Prèv Estati –** Si w gen estati legal oswa yon dosye azil ki ankou, mache ak kopi papye ki enpòtan yo.
- **Di Ou Pè Retounen si ICE kenbe w nan gadavi –** Si yo kenbe w nan gadavi, di aklè awotvwa ou pè retounen nan peyi w.
- **Mande pou wè yon Avoka –** Pa siyen okenn dokiman san w pale ak yon avoka imigrasyon anvan.

# Sa pou w fè si ICE vini lakay ou

- **Rete Tèt Frèt epi Pa Louvri Pòt la**
    - Ajan ICE yo kapab antre sèlman si w ba yo otorizasyon, oswa si yo gen yon manda lajistis yon jij siyen.
    - Mande ajan ICE yo montre w pyès idantite yo ak manda a nan yon fenèt oswa mande yo glise yo anba pòt la.
    - Manda ICE yo pa sifi pou w kite yo antre lakay ou.
    - Di yo: "Mwen pa otorize nou antre. Tanpri ale."

- **Si Ajan ICE yo Antre Lakay Ou**
    - **Rete An Silans:** Ou pa oblije reponn kesyon yo poze w sou estati imigrasyon ou.
    - **Itilize yon Kat KYR:** Bay ajan yo kat Konnen Dwa Ou an pou w di yo dwa ou genyen.
    - **Mande yon Avoka:** Pa siyen anyen ni reponn okenn kesyon san w pa pale ak avoka w.
    - **Lè w kapab, note oswa anrejistre tout sa ki rive w lè w kwaze avèk ajan ICE yo:**
        - Non ak nimewo badj ajan an.
        - Sa k te pase.
        - Pran enfòmasyon pou kontakte temwen yo.

**Pou w jwenn yon gid ou kapab enprime, eskane kòd QR la oswa ale nan lyen sa a CLINIC.**

**Pou w gade videyo Konnen Dwa Ou yo, eskane kòd QR la oswa ale sou: https://www.wehaverights.us/haitian-creole.**



# Manda Lajistis bay pou Fè Fouy

**Men sa yon Manda Valid Lajistis bay pou Fè Fouy dwe genyen:**

- Fòk yon Jij siyen l nan espas 14 jou apre fòs lòd yo fin itilize l.
- Fòk li di adrès kay moun pou yo fouye a.
- Fòk li dekri zòn kote pou yo fouye a.

**Si ajan yo antre lakay ou san yon manda lajistis, men sa pou w di: "Mwen pa dakò pou nou fouye kay mwen."**

**Men sa yon Lajistis pou dwe genyen:**

- Fòk li gen siyati yon Jij.
- Fòk li di non moun pou yo arete a.
- Fòk li dekri moun pou yo arete a.

**Sa pou fè:**

- Moun ki sou manda arestasyon lajistis la ta dwe soti deyò pou li evite yo kenbe lòt moun nan fanmi an oswa lòt moun nan kay la nan gadavi tou.


AO 93 (Rev. 11/13) Search and Seizure Warrant

UNITED STATES DISTRICT COURT

for the

In the Matter of the Search of
*(Briefly describe the property to be searched or identify the person by name and address)*

Case No.

**SEARCH AND SEIZURE WARRANT**

To: Any authorized law enforcement officer

An application by a federal law enforcement officer or an attorney for the government requests the search of the following person or property located in the ______ District of ______
*(identify the person or describe the property to be searched and give its location)*:

I find that the affidavit(s), or any recorded testimony, establish probable cause to search and seize the person or property described above, and that such search will reveal *(identify the person or describe the property to be seized)*:

**YOU ARE COMMANDED** to execute this warrant on or before ______ *(not to exceed 14 days)*
☐ in the daytime 6:00 a.m. to 10:00 p.m. ☐ at any time in the day or night because good cause has been established.

Unless delayed notice is authorized below, you must give a copy of the warrant and a receipt for the property taken to the person from whom, or from whose premises, the property was taken, or leave the copy and receipt at the place where the property was taken.

The officer executing this warrant, or an officer present during the execution of the warrant, must prepare an inventory as required by law and promptly return this warrant and inventory to ______ .
*(United States Magistrate Judge)*

☐ Pursuant to 18 U.S.C. § 3103a(b), I find that immediate notification may have an adverse result listed in 18 U.S.C. § 2705 (except for delay of trial), and authorize the officer executing this warrant to delay notice to the person who, or whose property, will be searched or seized *(check the appropriate box)*
☐ for ____ days *(not to exceed 30)* ☐ until, the facts justifying, the later specific date of ______ .

Date and time issued: ______ ______
*Judge's signature*

City and state: ______ ______
*Printed name and title*

# Yon manda ICE yon ajan ICE siyen pa bay yon ajan dwa pou li antre lakay ou.

Manda ICE

Sa se pa yon Manda Valid Lajistis bay pou Fè Fouy

Siyati Ajan ICE la

**U.S. DEPARTMENT OF HOMELAND SECURITY** **Warrant for Arrest of Alien**

File No. ______________

Date: ________________

**To: Any immigration officer authorized pursuant to sections 236 and 287 of the Immigration and Nationality Act and part 287 of title 8, Code of Federal Regulations, to serve warrants of arrest for immigration violations**

I have determined that there is probable cause to believe that ______________________ is removable from the United States. This determination is based upon:

☐ the execution of a charging document to initiate removal proceedings against the subject;

☐ the pendency of ongoing removal proceedings against the subject;

☐ the failure to establish admissibility subsequent to deferred inspection;

☐ biometric confirmation of the subject's identity and a records check of federal databases that affirmatively indicate, by themselves or in addition to other reliable information, that the subject either lacks immigration status or notwithstanding such status is removable under U.S. immigration law; and/or

☐ statements made voluntarily by the subject to an immigration officer and/or other reliable evidence that affirmatively indicate the subject either lacks immigration status or notwithstanding such status is removable under U.S. immigration law.

**YOU ARE COMMANDED** to arrest and take into custody for removal proceedings under the Immigration and Nationality Act, the above-named alien.

SAMPLE

______________________________
(Signature of Authorized Immigration Officer)

______________________________
(Printed Name and Title of Authorized Immigration Officer)

**Certificate of Service**

I hereby certify that the Warrant for Arrest of Alien was served by me at ______________________
(Location)

on ______________________ on ______________________, and the contents of this
(Name of Alien) (Date of Service)

notice were read to him or her in the ______________________ language.
(Language)

______________________________ ______________________________
Name and Signature of Officer — Name or Number of Interpreter (if applicable)

Form I-200 (Rev. 09/16)

# Sa pou w Fè si ICE Arete w nan pou fè si ICE yon Espas Piblik

to do if ICE

Your paragraph text

- **Rete Tèt Frèt, Pa Kouri ni Fè Rezistans**
  - Pa kraze rak si ajan ICE oswa polisye yo apwoche w.
- **Mande Yo Si Ou Mèt Ale**
  - Di yo: "Èske mwen mèt ale?"
  - Si yo di wi, mache pòs ou san fè bri.
  - Si yo di non, poze kesyon sa a: "Èske n ap arete m?"
- **Egzèse Dwa Ou Genyen pou Rete An Silans**
  - Itilize kat Konnen Dwa Ou An (Know Your Rights, KYR) pou w montre w gen dwa pou w rete an silans.
  - Ou ka oblije di kijan w rele ou selon lwa Eta a, men:
- **Pa di estati imigrasyon ou ni kote w fèt. Pa mache ak fo papye oswa pyès idantite peyi etranje ni pa montre yo. Pa bay fòs lòd yo manti.**
- **Pa Siyen Okenn Papye**
- Si yo ap fè fouy, men sa pou di: "MWEN PA DAKÒ POU FOUY SA A FÈT."
- Si yo kenbe w nan gadavi, mande wè yon avoka
  - Ou gen dwa pou w pale ak yon avoka si yo kenbe w nan gadavi.

**Si yo arete w nan yon espas piblik, jwenn plis enfòmasyon lè w eskane kòd QR la, lè w ale nan lyen sa a We Have Rights. oswa ale sou https://www.wehaverights.us/haitian-creole oswa klike sou videyo anba a.**



# Sa pou w fè si ICE kanpe w pandan w nan machin ou.

- **Si yo Kanpe w:**
  - Raze w sou kote epi etenn motè machin ou an.
  - Mete men w sou volan an kote ajan yo kapab wè yo.
- **Pale San Fè Bri:**
  - Poze yo kesyon sa a: "Poukisa nou kanpe m?"
  - Si se ou k ap kondi machin nan, bay lisans ou, papye machin nan, ak prèv asirans si l disponib. Pa bay fo papye ni bay manti.
- **Egzèse Dwa Ou:**
  - Dwa pou Rete An Silans: Di aklè: "Mwen chwazi pou m rete an silans," oswa remèt kat Konnen Dwa (Know Your Rights, KYR) Ou.
  - Pa montre papye ki soti nan peyi w.
- **Fouy Machin:**
  - Si ajan yo eseye fouye machin ou, di yo: "Mwen pa dakò pou fouy sa a fèt."
  - Nan kèk sitiyasyon, ajan yo kapab fouye machin ou san konsantman si yo gen yon rezon valab pou yo fè l.
- **Dwa Pasaje:**
  - Pasaje yo gen dwa pou yo rete an silans.
  - Ou kapab refize bay pyès idantite lè w di pawòl sa a: "Mwen pa dakò pou mwen bay papye m."



CLINIC

KONNEN DWA OU NAN MACHIN OU

Tout moun ki nan Etazini, ki gen ladan imigran san papye, gen dwa ak pwoteksyon Konstitisyonèl. Ni imigrasyon ni lapolis pap sipoze ou vle fè valwa dwa ou yo. Se nan men ou sa pou fè sa lè ou montre kat Konnen Dwa Ou oswa lè ou di ofisye a ou ap fè valwa dwa ou yo.

Si ou rete avèk yon machin, ou gen dwa ki pwoteje ou.

Rete machin nan le pli vit ke li posib san danje.

Apre ou sispann, etenn machin nan, limen limyè entèn lan, louvri fenèt la mwayen, epi mete men ou sou volan an.

Fò gen yon rezon pou sispann ou.

Si yon ofisye lapolis sispann ou, yo fèt pou yo gen sispisyon rezonab ke yon moun nan machin nan fè yon enfraksyon lokal oswa eta oswa yon krim. Si yon ofisye imigrasyon sispann ou, yo fèt pou yo gen sispisyon rezonab ke yon moun nan machin nan fè yon enfraksyon imigrasyon oswa yon krim federal. Ou ka mande:

- Èske m lib pou m ale?
- Èske ou lapolis/imigrasyon?
- Poukisa ou te sispann mwen?

Si ou ap kondwi, lè yo mande, bay lisans chofè ou, enskripsyon, ak prèv asirans, si ou genyen li.

Si ou pa gen dokiman sa yo, ou ka di ofisye a ou pa gen yo oswa ke ou ap fè valwa dwa ou pou rete an silans. Nan kèk eta, si ou ap kondwi san yon lisans, sa se yon ofans ki ka mennen arestasyon, kidonk refize bay yon lisans chofè ka lakòz arestasyon. Ofisye a ka mande lòt pèmisyon idantifikasyon, e ou ka refize bay li.*

Pasaje yo pa bezwen bay idantifikasyon.

An jeneral, si yon ofisye mande yon pasaje pou idantifikasyon, yo pa bezwen bay li.*

An jeneral, ou pa bezwen bay lòt idantifikasyon.

Si lapolis lokal oswa leta sispann ou, ou ka chwazi pou bay prèv estati imigrasyon legal ou, si ou gen prèv sa a. Si yon ofisye imigrasyon sispann ou, ou dwe bay prèv estati legal si ou gen estati ak si ou pa yon sitwayen Ameriken. Si ou pa gen estati legal, ou pa dwe bay idantifikasyon etranje.

Si ofisye a di yo gen yon manda, mande idantifikasyon epi revize manda a.

**Manda rechèch:** Ofisye yo ka fouye machin ou si (1) ou bay konsantman, (2) yo gen yon manda rechèch ki presize machin egzak pou fè rechèch la e manda a siyen pa yon jij (pa yon ofisye imigrasyon), oswa (3) yo kwè machin ou genyen prèv yon krim.

**Manda arestasyon:** Si yon ofisye ICE gen yon manda arestasyon, yo ka arete moun ki nonmen sou manda a. Yon manda arestasyon pa bay ICE pèmisyon pou yo fouye machin ou.

Ou gen dwa pou rete an silans.

Ou ka fè valwa dwa ou pou rete an silans lè ou montre kat Konnen Dwa Ou ou oswa di ofisye a ou ap fè valwa dwa ou pou rete an silans. Si ou dwe pale, di ou ta renmen pale ak yon avoka anvan ou reponn kesyon.

- **Bay sèlman idantifikasyon ou lè lwa a mande ou fè sa.***
- **Pa di ofisye a ki nasyonalite ou ye.**
- Pa reponn kesyon.
- Pa siyen papye.
- Pa pote fo dokiman.
- Pa entèfere fizikman ak rechèch la.

*Pale ak yon avoka lokal sou si wi ou non ak kilè ou dwe prezante idantifikasyon. Pa egzanp, nan pifò eta, ou dwe montre yon lisans chofè si ou gen youn ak si yo sispann ou; ou dwe tou montre idantifikasyon imigrasyon ou a yon ofisye imigrasyon ki mande li si ou gen estati legal ak pa yon sitwayen Ameriken.

cliniclegal.org

## Pou plis enfòmasyon vizite CLINIC oswa eskane kòd QR la.

# Kisa pou w fè si ICE antre nan travay ou?

- **Rete Tèt Frèt epi Pa Kouri pou ICE**
- **Kondisyon pou yo Antre:**

  Your paragraph text

  - Ajan ICE yo dwe gen yon manda lajistis bay pou fè fouy oswa konsantman anplwayè a pou yo antre nan espas prive yon antrepriz.
  - Chwazi yon moun pou mande ak verifye manda lajistis bay pou fè fouy la.
  - Fè foto manda lajistis bay pou fè fouy la pou w asire w li valid.
- **Plan Sekirite pou Ijans:**
  - Pale avèk anplwayè w la epi pote kole avèk li pou nou wè si gen mwayen pou nou mete espas prive nan travay ou a. Pa egzanp, ajoute pano ki di, "employees only (rezève pou anplwaye sèlman)."
  - Kreye yon plan ijans avèk kòlèg yo pou n prepare sizoka ta gen arimay.
  - Asire nou chak moun konnen dwa yo epi yo gen yon kat Konnen Dwa Ou (Knwo Your Rights, KYR) nan men yo.
  - Si ajan ICE yo poze kesyon, pèsonèl la ta dwe fè yo konnen yo pa gen otorizasyon pou yo reponn kesyon san yo pa pale avèk yon sipèvizè
- **Dwa ak Responsablite Ou Genyen:**
  - Pa Mache Avèk Fo Papye ni papye peyi w ba ou.
  - Pèsonèl la pa ta dwe kache okenn moun, ni ede l sove kite etablisman an. Fòs lòd yo ka panse se ede y ap ede yon kriminèl oswa anpeche y ap anpeche yo fè travay yo.
- **Pa Siyen Anyen:** Ajan ICE yo ka ba w presyon pou w siyen yon òdonans depa volontè. Mande pou wè yon avoka anvan w siyen nenpòt bagay.
  - Egzèse Dwa Ou Genyen pou Rete An Silans: Montre kat KYR ou an pou di ajan ICE yo w ap rete an silans. Pa bay enfòmasyon sou estati imigrasyon w, ni di dat ou te antre Etazini. Ou pa dwe ede ajan ICE yo idantifye kòlèg yo.
- **Mete Nimewo Telefòn ki Enpòtan yo Kote pou Jwenn yo Fasil:**
  - Se pou genyen nimewo pou kontakte avoka w, fanmi w, oswa konsila a nan men w.
  - **Si Yo Fouye Ou oswa Kenbe W nan Gadavi:**
    - Men sa pou di: "Mwen pa dakò pou fouy sa a fèt."
  - **Rete tèt frèt, pa fè rezistans, epi mande pou w kontakte avoka w, fanmi w, oswa konsila a**..

Pou plis enfòmasyon vizite CLINIC oswa eskane kòd QR la.

# Kijan pou w byen ranmase enfòmasyon sou ajan ICE yo lè w kwaze avèk yo oswa lè y ap fè arimay?

- **Mwayen Legal pou Rasanble Enfòmasyon sou yon Arestasyon ICE:**
  - Anrejistre videyo epi fè foto: Kapte moman enpòtan yo kòm prèv.
  - Pran Nòt: Ekri detay yo tousuit apre ensidan an.
  - Kolekte Enfòmasyon sou Temwen yo: Pran enfòmasyon nan men temwen yo pou kontakte yo.
- **Anrejistre Kominikasyon yo:** Konsève mesaj tèks, imèl, ak mesajri vokal ICE voye yo.
  - Konsèy pou Anrejistreman: Anrejistre sèlman si w kapab fè sa. Sinon, pran nòt lè w kapab.
- **Dwa Legal pou Anrejistre:** Li legal pou w anrejistre depi w pa anpeche yo fè travay yo.
  - Avèti Moun yo Kenbe nan Gadavi a: Di moun yo kenbe nan gadavi a w ap anrejistre; sispann anrejistre si l mande sa.
  - Konsantre sou Detay Enpòtan yo: Filme badj fòs lòd yo, inifòm yo, veyikil yo, plak yo, zam yo, konvèsasyon ajan yo, ak nenpòt dega ki fèt sou pwopriyete oswa zouti siveyans yo.
  - Verifye Kote yo: Mete moniman yo, pano siyalizasyon yo, ak bilding yo nan anrejistreman yo pou referans.
- **Pwoteje Aparèy Ou A:**
  - Ajan ICE yo pa gen dwa sezi telefòn ou an san yon manda.
  - Si yon moun eseye pran telefòn ou, di, —Mwen pa dakò pou w pran telefòn mwen."
  - Mete yon modpas sou telefòn ou an pou w pwoteje l olye w mete anprent, rekonesans fasyal, oswa chema.
- **Pi Bon Pratik Pandan Ensidan Vyolan yo:**
  - Rete tèt frèt epi pa fè bri pou anrejistreman w ap fè a ka kapte detay enpòtan yo pou tribinal la.

# Èske abite nan yon vil ki sou fwontyè?

Ajan k ap fè Patwouy sou Fwontyè yo (CBP) kapab poze w kesyon nan yon distans **160 kilomèt (100 mil) sou fwontyè a**. Ajan CBP yo kapab sible kèk moun selon ras yo, arete yo, fouye yo, kenbe yo nan gadavi, poze yo kesyon epi arete yo san yo pa bezwen yon manda ni yon rezon valab.

Pou plis enfòmasyon vizite CLINIC oswa eskane kòd QR la.



CLINIC

# KONNEN DWA OU NAN FÒTÈS/AÈWOPÒ YO

Your paragraph text

Moun ki nan Etazini, *ki gen ladann imigran san papye*, gen dwa ak pwoteksyon Konstitisyonèl. Ni imigrasyon ni lapolis pap sipoze ou vle fè valwa dwa w. Se ou menm ki dwe afime yo lè ou montre kat Konnen Dwa Ou a oswa lè ou di ofisye a w ap fè valwa dwa w.

Nan pò dantre, ayewopò, ak fwontyè a, ou ka rankontre Lajanmè ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP), Ankèt Sou Sekirite Teritwa (HSI), Imigrasyon ak Aplikasyon Ladwàn (ICE), oswa Administrasyon Sekirite Transpòtasyon (TSA). Ou gen dwa lè w ap kominike ak yo.

## Imigrasyon ka poze kesyon sou èske ou gen estati imigrasyon legal epi èske ou admisib pou antre nan Etazini.

Ou gen dwa pou ou rete an silans, men refize reponn kesyon woutin ka fè retar pou ou oswa kòz yo mennen ou nan enstpeksyon segondè.

**Si ou se yon sitwayen ameriken:** Ou dwe sèlman etablir idantite ou ak sitwayènte ou.

**Si ou se yon Rezidan Pèmanan Legal:** Ou dwe sèlman etablir idantite ou ak rezidans ou. Apre sa, yo pa ka refize ou antre, men yo ka detni ou epi mete ou nan pwosedi depòtasyon. Imigrasyon ka eseye konvenk ou pou abandone rezidans ou lè yo mande ou siyen yon fòm I-407. Pa siyen okenn dokiman san reprezantan legal. Se sèlman ou oswa yon jij imigrasyon ki ka revoke rezidans ou.

**Si ou se yon detantè viza non-sitwayen oswa vizitè:** Yo ka refize ou antre nan Etazini si ou refize reponn kesyon ofisye yo.

**Si ou pa yon sitwayen, rezidan, oswa detantè viza:** Yo ka refize ou antre nan Etazini si ou refize reponn kesyon ofisye yo.

## Ou gen dwa pou chèche azil.

Si ofisye yo di ou pa ka antre e w pè pou w pral pèsekite si w retounen nan peyi lakay ou, ou dwe di ofisye a w pè epi mande azil.

## Imigrasyon ka fouye bagay ou yo pou kontwòl.

Ofisye yo pa bezwen yon manda oswa yon kòz pwobab tankou nan lòt kontèks. Sepandan, ou pa ka chwazi pou yon rechèch ki baze sou relijyon ou, ras ou, nasyonalite ou, sèks ou, etnisite ou, oswa kwayans politik ou. Asire w ou sonje nenpòt bagay yon ofisye di konsènan poukisa y ap fouye ou ak/oswa bagay ou yo.

**Rechèch San Rad:** Ofisye yo kapab sèlman fè yon rechèch san rad nan yon espas prive si yo gen sispisyon rezonabl sou yon krim oswa vyolasyon imigrasyon.

**Aparèy Elektwonik:** Ofisye yo ka mande modpas pou aparèy elektwonik ou yo.

- Si ou se yon sitwayen, ou pa oblije bay modpas ou oswa debloke aparèy ou.
- Si yon ofisye konfiske aparèy elektwonik ou, pran yon resi epi ekri non ofisye a, ajans lan, ak nimewo badj li.

## Imigrasyon ka mennen ou nan enstpeksyon segondè.

Enstpeksyon segondè a vle di ale nan yon lòt chanm kote yo ap poze plis kesyon. Yo dwe trete w ak diyite ak respè. Ofisye yo pran pozisyon ke ou pa gen dwa a yon avoka, men nou ankouraje ou mande pou rele avoka w. Si li vin klè ke ou anba arestasyon oswa y ap mennen ankèt sou ou pou yon krim, ou ta dwe mande pou pale ak yon avoka epi lè sa a fè valwa dwa w pou rete an silans.

## Imigrasyon ka pran anprent ou.

Vizitè ak rezidan pèmanan legal yo anjeneral pran anprent lè yo antre etranje.

cliniclegal.org

**Dwa Ou Genyen:**

- **Dwa pou Rete An Silans:**
  - Ou ka refize reponn kesyon oswa ou ka mande pou wè yon avoka.
- **Règ pou Kenbe Moun nan Gadavi:**
  - Pou ajan yo kenbe w nan gadavi, yo bezwen yon rezon valab ki chita sou done ki klè.
  - Ou kapab mande yo poukisa yo kenbe w nan gadavi a.
- **Fouy:**
  - Pou yo fouye zafè pèsonèl ou yo, fòk ou bay konsantman epi yo dwe gen yon rezon valab pou yo fè sa.
  - Fòk gen prèv ki kore rezon valab la, se pa sèlman sou baz ras, orijin etnik, oswa paske w rete an silans.
- **Règ pou Papye yo:**
  - Sitwayen ameriken yo pa bezwen mache ak prèv sitwayènte sou yo.
  - Imigran ki gen plis pase 18 lane ki gen papye ki valid yo dwe mache avèk yo epi montre yo si yo mande yo.
  - Evite montre fo papye epi konnen lè w refize montre papye w, sa ka lakoz yo poze plis kesyon.
- **Ekspilsyon Akselere:**
  - Yokapab itilize l nenpòt kote nan peyi Etazini kont nenpòt moun ki san papye ki pa t antre avèk yon viza oswa nan kad pwogram imanitè oswa ki pa kapab pwouve yo te nan peyi Etazini anpèmanans pandan de (2) lane anvan arestasyon an
  - Si w pè pou yo pa fè w pwosè nan peyi kote w soti a, di ajan CBP yo sa lapoula pou w evite ekspilsyon akselere a.

# Konnen Dwa Ou: Sa pou w fè si yo arete w, si w nan Prizon, oswa nan Gadavi ICE

Your paragraph text

- **Si Yo Arete Ou:**
  - **Rete An Silans:** Pa bay enfòmasyon sou estati imigrasyon w, sou kote w fèt, oswa sou fason ou te antre Etazini.
  - **Mande pou wè yon Avoka:** Ou gen dwa pou w gen yon avoka ki reprezante w anvan w reponn nenpòt kesyon oswa siyen papye.
  - **Dwa pou Fè Apèl Telefòn:** Mande pou rele yon fanmi, avoka, oswa moun ou fè konfyans ou ka kontakte annijans.
  - **Pa Siyen Anyen San Avoka:** Pa siyen okenn papye san w pa pale ak yon avoka anvan.
  - **Kopi Papye yo:** Mande kopi nenpòt papye avoka w la bay tribinal la.
- **Si Ou nan Prizon oswa Gadavi ICE:**
  - **Dwa pou Rete An Silans:** Ou pa oblije reponn kesyon yo poze w sou estati imigrasyon ou.
  - **Aksè nan Telefòn:** Mande pou w fè yon koutfil pou w kontakte yon avoka oswa yon konsila.
  - **Reprezantasyon Jiridik:** Ou gen dwa pou w pran oswa mande yon avoka gratis si w elijib.
  - **Enfòme Konsila a:** Ou ka mande konsila peyi w la ede w.
  - **Pran Swen Depandan yo:** Di ajan ICE yo si w gen timoun sou kont ou epi si w bezwen fè aranjman pou moun okipe yo.
  - **Demann Kosyon:** Ou ka mande pou yo lage w sou kosyon si w elijib.
  - **Dwa pou Swen Sante:** Ou gen dwa pou w benefisye swen sante mantal ak fizik kèlkeswa sèks ou, seksyalite w, oswa idantite w.

**Pou w gade yon videyo, ale sou: https://www.wehaverights.us/haitian-creole**
**Pou w telechaje yon afich pou w enprime, ale nan lyen sa a CLINIC Legal:**



# Kijan pou w jwenn yon fanmi ICE kenbe nan gadavi?

## Etap 1 :

Ale sou sitwèb Sistèm Anliy ICE pou Chèche Moun ki nan Gadavi a: https://locator.ice.gov oswa itilize kòd QR ki anba a.




## Etap 2 :

Ou kapab chèche yon moun gras ak nimewo etranje li ak peyi kote li fèt la.

- Nimewo Etranje a inik, li genyen 8 oswa 9 chif yo bay moun ki nan pwosedi imigrasyon yo. Ou jwenn li souvan nan papye imigrasyon bay yo.
- Fòk peyi kote moun nan fèt la koresponn ak enfòmasyon ki nan dosye ofisyèl li yo.
- Apresa klike sou "Search by A# Number (Chèche selon Nimewo Etranje)".




## Etap 3:

Ou kapab chèche yon moun tou gras ak enfòmasyon biyografik li.

- Non konplè a (non ak siyati) egzakteman jan li parèt sou papye imigrasyon yo.
- Dat li fèt (mwa/jou/ane).
- Klike sou "Search by Biographical Information (Chèche selon Enfòmasyon Biyografik)".
- Remak: Bat pou tout enfòmasyon yo kòrèk epi yo pa gen fòt òtograf, sinon yo gendwa pa parèt nan rechèch yo.



# Etap 4:

Si w pa kapab pale avèk pwòch ou a ki nan gadavi a Your parabgraph text nan telefòn, kolekte mezi enfòmasyon ou kapab. Sa ap pèmèt ou jwenn kote li ye a, konprann sitiyasyon li, epi ba li asistans ki nesesè.

Men kesyon kle pou w poze:

- Èske ou bezwen doktè?
- Ki kote ou ye? Ki pi gwo vil ki toupre w?
- Ki papye yo ba ou, epi kisa yo di?
  - Chèche konnen si li resevwa yon Avi pou Konparèt (Notice to Appear, NTA) oswa lòt dokiman ofisyèl yo.
- Èske w gen randevou pou w ale nan tribinal?
- Èske w pale avèk yon avoka imigrasyon?
  - Si l di wi, mande li non avoka a ak enfòmasyon pou pran kontak ak li.
- Èske ou konnen Nimewo Etranje w la?
  - Nimewo Etranje 8 oswa 9 chif sa a enpòtan anpil pou w suiv dosye li a epi konnen kote li ye.
  - Si li pa konnen l, di li gade nan papye li te resevwa yo.
- Enfòme li sou dwa li genyen:
  - Fè li sonje li gen dwa pou l rete an silans epi mande pou l wè yon avoka si ajan ICE yo oswa lòt otorite yo poze l kesyon.
- Pataje resous yo si sa posib:
  - Ba l nimewo telefòn òganizasyon k ap bay asistans jiridik yo oswa gwoup k ap defann dwa imigran ki kapab ede l.

# Fason pou jwenn Sant Detansyon ICE yo:

- Ale sou sitwèb ICE la epi klike sou onglè "ICE Detention Facilities" la.
- Chèche selon Eta a: Chwazi Eta kote ou panse yo kenbe moun lan nan gadavi a.
- Klike sou "Apply (Aplike)" pou w wè yon lis sant detansyon ki nan Eta sa a.
- Itilize zouti sa a pou w jwenn adrès sant yo, enfòmasyon pou kontakte yo, ak lòt detay ki pou ede w antre an kontak avèk pwòch ou a.



# Plan Preparasyon Fanmi an

**Preparasyon Jiridik**

Your paragraph text

- Jwenn Asistans Jiridik:
  - Jwenn epi di ou gen yon avoka oswa yon reprezantan ki akredite ki pou ede w nan sitiyasyon ijans yo.
- Fè yon evalyasyon pou detèmine si w elijib pou lòt estati imigrasyon yo.

**Enskripsyon:**

- Enskri nan konsila ki nan zòn ou an pou w jwenn sèvis sipò.
- Antre an kontak avèk sant relijye oswa sant kominotè yo.

**Plan Preparasyon Fanmi an**

- Moun pou Kontakte Annijans: Fè yon lis moun pou w rele ak nan ki lòd pou w rele yo si yo kenbe yon fanmi nan gadavi.
- Konnen sa lwa nan Eta a di sou fason pou w bay lapolis non w epi pran bon desizyon gras ak konsèy yon avoka.

**Prepare Dokiman ki Enpòtan yo:**

- Fè kopi dokiman ki enpòtan yo epi konsève yo yon kote ki an sekirite: Papye imigrasyon (otorizasyon travay, petisyon, avi ki di yo resevwa), pyès idantite, paspò, kat Sekirite Sosyal, batistè oswa ak maryaj
- Dosye jiridik ak kontak avoka
- Enfòmasyon sou sante fanmi an, ki gen ladan yo medikaman **Planifikasyon pou Pran Swen Timoun**
- Chwazi yon Moun ki pou Bay Swen:
  - Asire w moun nan genyen enfòmasyon ki enpòtan yo epi chita pale avèk li pou siyen dokiman jiridik tankou yon pwokirasyon. Asire w timoun ki fèt Etazini yo genyen paspò.
- **Planifikasyon pou Lajan ak Byen**
- Lajan Sere: Ekonomize lajan pou bagay enpòtan w ap bezwen pandan w nan gadavi a.
- Anvizaje dokiman ki otorize fanmi w yo pran chèk pou ou.

**Peman Kosyon:**

- Idantifye yon sitwayen Ameriken oswa yon rezidan pèmanan ki vle peye kosyon si sa nesesè.
- Se pou konnen montan kosyon yo kòmanse nan $1,500 men yo kapab varye.

**Sansibilizasyon sou Dwa:**

- Sansibilize fanmi an sou dwa li genyen epi fè yo repete repons pou yo bay lè yo kwaze ak ajan yo. **Kreye yon lis Moun pou Kontakte lè Gen Ijans:** Avèk nimewo telefòn moun ki kapab ede w si ICE kenbe w nan gadavi.

Pou aprann plis vizite: https://www.wehaverights.us/create-an-emergency-plan

# Lis Verifikasyon Papye pou Fanmi ki Imigran yo

Fanmi ki imigran yo ta dwe prepare yon klasè ki genyen papye enpòtan sa yo epi konsève yon kote ki an sekirite pou asire yo prepare sizoka yo ta kenbe yo nan gadavi oswa depòte yo. Di timoun, fanmi, ak moun ou chwazi pou bay swen yo kote klasè a ye pou lè gen ijans.

**Pyès Idantite ak Dokiman Fanmi:**

- Paspò (san wete pa timoun yo).
- Batistè.
- Lisans oswa ak maryaj (si sa nesesè).
- Fòm otorizasyon pou moun k ap bay swen an.

**Dosye Imigrasyon ak Dosye Rezidans:**

- Nimewo etranje ak papye imigrasyon yo (pa egzanp, pèmi travay, kat rezidans, viza, elatriye).
- Prèv ki di ou rete epi ou prezan nan peyi Etazini.

**Idantifikasyon Pèsonèl ak Dosye Lajan:**

- Lisans oswa kat idantite.
- Kat Sekirite Sosyal oswa ITIN.

**Dosye Timoun yo::**

- Rejis nesans nan peyi paran an (si sa nesesè).
- Enfòmasyon ki enpòtan sou timoun nan (tankou kowòdone lekòl la)
- Nimewo moun pou kontakte annijans ak enfòmasyon sou moun k ap bay swen an
- Enfòmasyon medikal (tankou asirans sante, lis medikaman, kontak doktè a).

**Lòt Dokiman ki Enpòtan:**

- Nenpòt lòt dosye ki esansyèl pou ka jwenn rapid.

Lè w byen ranje dokiman sa yo, li pi fasil pou w jere kesyon jiridik ak kesyon familyal yo nan moman difisil yo.

# Lis Moun pou Kontakte si Gen Ijans

## Enfòmasyon ou dwe kenbe nan tèt ou

**Kontak Avoka:**

- Kenbe nimewo telefòn avoka w la nan tèt ou epi mache avèk li sou ou.
- Kontak Konsila: Kenbe nimewo telefòn konsila peyi w la nan tèt ou epi mache avèk li sou ou.
- Kontak Fanmi: Kenbe nimewo telefòn moun ki pi enpòtan nan fanmi an nan tèt ou.

**Enfòmasyon Imigrasyon:**

- Nimewo Etranje: Nimewo idantifikasyon ou genyen nan papye imigrasyon yo.
- Dat ou te Antre Etazini: Dat egzak ou te antre nan peyi a.
- Estati Antre a: Estati imigrasyon ou te genyen lè w te antre nan peyi a.
- Estati Imigrasyon Aktyèl: Estati legal ou genyen kounye a.

**Antesedan Kriminèl:**

- Note epi sonje detay sou nenpòt arestasyon oswa akizasyon, sentans (koupab oswa inosan), ak dat ki an rapò yo.



**Emergency contact sheet**

*Make sure all members of your family have access to this information.*

Attorney/accredited representative

Name: ______

Phone: ______

Consulate

Name: ______

Phone: ______

Religious or community organization

Name: ______

Phone: ______

Other: ______

Name: ______

**Lè w fè yon jan pou enfòmasyon sa yo fasil pou jwenn epi lè w pataje yo avèk moun nan fanmi an, sa kapab pèmèt yo aji vit epi kore w nan sitiyasyon ijans yo.**

**Pou w jwenn konsèy ki detaye sou fason pou w kreye yon plan sekirite pou fanmi ak fason pou jwenn fòm kontak annijans ou kapab enprime, al gade nan Gid Konnen Dwa Ou CLINIC la (paj 15): "Klike sou Telechaje Resous" pou w jwenn enfòmasyon yo nan plizyè lang.**



**Know Your Rights: A Guide to Your Rights When Interacting with Law Enforcement**

**Last Updated:** January 27, 2017

**Topics:** Know Your Rights, Protecting Your Community

YOU HAVE RIGHTS regardless of your immigration status. You may be at risk of being deported if you are undocumented, if you are a non-citizen with a criminal history, if you are on parole or have a prior deportation order. To protect yourself, your family and your community you must KNOW YOUR RIGHTS. Knowledge is power. Act NOW. Do not wait. Be prepared.

This guide contains:

- What you need to know and what to do when encountering immigration agents, the police or FBI in different places
- Information about how to read a warrant
- Twelve things for you and your family to remember in ANY situation
- Your Emergency Planning Checklist
- Your Emergency Contact Information Sheet
- Your plan for what to do if a loved one calls you from an immigration detention center or police station
- Your Workplace Planning Checklist

▸ Click to Download Resource



# Nimewo Telefòn Ijans Ou Ta Dwe Kenbe nan Tèt Ou

**Fanmi oswa zanmi k ap ede w si yo kenbe w nan gadavi:**
Non konplè: ________________________________________ Nimewo Telefòn:_______________

**Avoka oswa reprezantan akredite:**
Non konplè: ________________________________________ Nimewo Telefòn:_______________

**Nimewo Etranje (A#): _________________________ Dat ou te antre Etazini:_____________**

**Non aplikasyon imigrasyon ki annatant lan (Azil, TPS, lòt): _________________**
**Konsila** (Enskri nan konsila peyi w la pou w fè otorite yo konnen lè yo kenbe w nan gadavi). Si w soti Meksik, telechaje Aplikasyon Mi Consulmex la pou w mande konsila peyi w la asistans jiridik.




Nimewo telefòn konsila a: ________________

**Non konplè timoun nan: _______________________________ Dat li Fèt: ________________**

**Nimewo Telefòn Pòtab Timoun nan** (si sa nesesè):

**Non Lekòl la: ____________________________________ Nimewo Telefòn: _______________**

**Non Konplè Pwofesè a: ________________________________**

**Pwogram Lè Lekòl Fin Lage** (si sa nesesè)
Non konplè: ____________________________________ Nimewo telefòn: _________________

**Pwoblèm Sante oswa Alèji Timoun nan Soufri:**
Medikaman: ______________________________ Nimewo Telefòn Doktè a: ______________

**Enfòmasyon sou Asirans Sante: _____________________________________________**

**Paran oswa Responsab Legal pou Kontakte Annijans pou pitit ou yo si yo kenbe w nan gadavi:**

Non konplè:______________________________________ Telefòn Selilè: __________________

Telefòn Travay: ___________________________________

# Opsyon Detansyon ki Disponib si yo kenbe Paran an (yo) nan Gadavi oswa yo Depòte li (yo)

**Opsyon ki Pa Opsyon Tribinal**

- **Chwa Moun k ap Bay Swen:** Paran yo ka nonmen yon moun yo fè konfyans ki pou pran swen pitit yo pou yon ti moman. Fè atansyon lè w ap itilize fòm notè ba ou yo pa rekonèt. Tribinal la pa rekonèt yo.
- **Fòm Distri Lekòl Philadelphia:** Se yon fòm distri a apwouve ki pèmèt moun k ap bay swen yo pran desizyon pou yon ti moman.
- **Avantaj Piblik pou Timoun yo:** Moun k ap bay swen yo ka benefisye avantaj tankou TANF oswa koupon pou achte manje san òdonans pou gad.
- **Otorizasyon Medikal:** Gen kèk pwofesyonèl swen sante ki aksepte yon delegasyon otorite ki siyen pou desizyon medikal yo.

**Men avantaj yo:**

- Moun k ap bay swen yo gen otorite pou yon ti moman san tribinal la pa enplike.
- Li sèvi kòm prèv ki montre entansyon paran yo sizoka ta gen litij ki konsène gad timoun yo.

**Men enkonvenyan yo:**

- Se pa yon dokiman ki ofisyèl ni valid epi lekòl oswa doktè yo ka pa aksepte l.
- Moun k ap bay swen yo ka genyen estati "in loco parentis", sa ki pèmèt yo mande gad timoun yo poukont yo.

**Ou kapab jwenn yon modèl fòm gad legal nan lyen sa a. https://philalegal.org/sites/default/files/attachments/2024-11/Sample%20Guardianship%20Form.pdf**

**Opsyon Tribinal: Akò Fòmèl pou Gad Timoun**

- **Akò Fòmèl pou Gad Timoun:** Paran yo kapab siyen akò fòmèl pou gad timoun avèk moun k ap bay swen yo, sa ki mande siyati notarye sof si se yon avoka ki prepare l.
- **Depoze Demann pou Gad:** Si paran yo pa disponib, moun k ap bay swen yo ka fè demann gad gras ak èd ki disponib nan Sant Èd Tribinal Fanmi an (1501 Arch Street, Philadelphia, PA 19102).
- **Men avantaj yo:**
  - Li bay otorite legal pou desizyon ak deplasman ki enpòtan yo.
- **Men enkonvenyan yo:**
  - Li bay moun k ap bay swen yo estati "in loco parentis", sa ki ka konplike litij pou gad timoun yo.

**Nòt Enpòtan:** Estati imigrasyon pa anpeche paran oswa moun k ap bay swen yo ale nan tribinal. Estati imigrasyon pa ta dwe afekte desizyon pou zafè gad timoun nan sof si gen pwosedi detansyon oswa depòtasyon ki ankou. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan lyen sa a: https://philalegal.org/resources/planning-custody- informational-guide-immigrantfamilies

# Resous Jiridik nan Pennsylvania

**Anpil nan òganizasyon sa yo bay sèvis nan divès konte**

**Catholic Social Services**
222 N 17th St, Philadelphia PA 19103
Sitwèb: www.cssimmigration.org
Telefòn: 215-854-7019
Imèl: immigrationlegalservices@chs-adphila.org.

**Esperanza Immigration Legal Services**
4261 N. 5th St. Philadelphia, PA 19140
Sitwèb: https://www.esperanza.us/eils
Telefòn: 347-719-1402
Imèl: eils@esperanza.us

**Free Migration Project**
150 Cecil B. Moore Ave., Philadelphia, PA 19122
Sitwèb: https://freemigrationproject.org
Telefòn: 1-646-441-0741
Imèl: fmp@freemigrate.org

**Justice at Work**
**Philadelphia Office:** 990 Spring Garden St., Suite 300, Philadelphia, PA 19123
**Pittsburgh Office:** 1010 Western Ave., Suite 300, Pittsburgh, PA 15233
Sitwèb: https://www.justiceatworklegalaid.org
Imèl: jaw@justiceatworklegalaid.org
Philadelphia : (215) 733-0878
Pittsburgh: (412) 701-4368
Gratis - San Frè: 800-729-1607
Meksik: 001-800-51-41-349

**HIAS PENNSYLVANIA**
P.O. Box #8688, Philadelphia, PA 19101
Sitwèb: https://hiaspa.org
Telefòn: 215-832-0900

**Nationalities Service Center**
1216 Arch Street 4th Floor Philadelphia, PA 19107
Sitwèb: https://nscphila.org
Telefòn: 215-893-8400

**JFCS Immigration Legal Services**
5743 Bartlett St, Pittsburgh, PA 15217
Sitwèb: www.jfcspgh.org
Imèl: info@jfcspgh.org
Telefòn: (412) 422-7200

**Aldea PJC**
532 Walnut St, Reading, PA 19601
Sitwèb: https://aldeapjc.org
Biwo: 484-877-8002
Telefòn Pòtab: 484-987-5221

**Immigration Rights Action**
70 W. Oakland Ave, Suite 200
Doylestown, PA 18901
Sitwèb: https://immigrantrightsaction.org
Telefòn: 267-910-9030
Imèl: info@immigrantrightsaction.org

**Church World Service**
308 E. King St. Lancaster, PA 17602
Sitwèb: https://cwslancaster.org
Imèl: info@cwsglobal.org
Telefòn: 717-381-2890
Immigration Legal Services: 717-358-9728
Faks: 717-381-2896

**Thrive International Programs**
420 Elmira St. Williamsport , PA 17701
202 E. 3rd Street, Williamsport, PA, 17701
Sitwèb: https://thriveip.org/immigration-legal-services/
Telefòn: 484-202-0533
Konsiltasyon:
https://ww7.welcomeclient.com/nggate/intake/general/10936
Imèl: staff@thriveip.org

**Equal Access Legal Services**
6703 Germantown Ave. Suite 210
Philadelphia, PA 19119
402 Bethlehem Pike, Erdenheim, PA 19038
Telefòn: 267-888-6703
Faks: 215-689-1458
Imèl: info@equalaccesslegal.org
Sitwèb: https://www.equalaccesslegal.org

**Christian Immigration Advocacy Center**
801 Union Place, Pittsburgh, PA 15212
Sitwèb: https://ciacpgh.org
Imèl: general@ciacpgh.org
Telefòn: 412-532-6181

**Pennsylvania Immigration Resource Center**
294 Pleasant Acres Road Suite 202, PO Box #20339 York, PA 17402
Sitwèb: https://www.pirclaw.org/
Telefòn: 717-600-8099

**Community Justice Project**
https://www.communityjusticeproject.org/

**Harrisburg**
118 Locust Street
Harrisburg, PA 17101
Telefòn: 717-236-9486
Gratis: 800-322-7572
Faks: 717-233-4088

**Hazleton**
101 W. Broad Street
Suite 611
P.O. Box 2308
Hazleton, PA 18201
Telefòn: 570-501-3356

**Scranton**
111 South Main Avenue
Scranton, PA 18504
Telefòn: 570-354-2741 oswa 570-880-7698
Faks: 570-880-7832

**Pittsburgh**
100 Fifth Avenue
Suite 900
Pittsburgh, PA 15222
Telefòn: 412-434-6002
Gratis: 866-482-3076
Faks: 412-434-5706

**Reading**
35 North 6th Street
Mez 103
Reading, PA 19601
Benita: 610-370-7459
Faks: 610-370-7556

# Lòt Videyo ak Resous sou Konnen Dwa Ou

**Videyo sou Konnen Dwa Ou**

- Videyo sou Nou Gen Dwa, Konnen Dwa Ou (Anglè, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Mandaren, Oudou, Arab ak Ris)- https://www.wehaverights.us/
- Catholic Charities of the Archdiocese of Dubuque- videyo Konnen Dwa Ou (Anglè, Panyòl, Fransè, Pachto, Dari, Swayili ak Kreyòl Ayisyen) https://catholiccharitiesdubuque.org/kyr

**Afich Konnen Dwa Ou**

- ACLU: https://www.aclu.org/know-your-rights/immigrants-rights (Anglè, Panyòl, Arab, Chinwa, Kreyòl, Fasi, Fransè, Endonezyen, Koreyen, Pòtigè, Somali, Tagalòg, Oudou, Vyetnamyen, Indi, Chinwa Tradisyonèl, Chinwa Senplifye)
- iAmerica: https://iamerica.org/know-your-rights/ (lis ki dewoule a bay tradiksyon pou lang Panyòl, Amarik, Arab, Amenyen, Bosnyen, Chinwa, Olandè, Fransè, Alman, Kreyòl Ayisyen, Indi, Italyen, Koreyen, Polonè, Pòtigè, Ris, Vyetnamyen)
- Immigrant Defense Project (Pwojè pou Defann Dwa Imigran) https://www.immigrantdefenseproject.org/know-your-rights-with- ice/ (afich yo disponib nan lang Anglè, Panyòl, Fransè, Pòtigè, Tagalòg, Kreyòl Ayisyen, Indi, Bangla, Pendjabi, Arab, Oudou, Mandaren Senplifye Mandaren, Mandaren Tradisyonèl, Koreyen, Ris, Ebre)
- Resous nan Lang Endijèn- https://www.mayanleague.org/resources (MAM)

**Kat Konnen Dwa Ou/Sekirite ak Preparasyon pou fanmi kiimigranyo**

- Catholic legal Immigration Network- https://www.immigrantdefenseproject.org/emergency - preparedness/ (Amarik, Arab, Chinwa, Kreyòl, Anglè, Fasi, Koreyen, Ris, Panyòl, Vyetnamyen).
- IRLC-https://www.ilrc.org/red-cards-tarjetas-rojas (Arab, Chinwa, Anglè, Fasi, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Hmong, Koreyen, Pachto, Pendjabi, Ris, Panyòl, Tagalòg, Tigrinya, Ikrenyen, Vyetnamyen).

**Resous sou Arimay nan Travay**

- National Immigration law Center- https://www.nilc.org/resources/a-guide-for-employerswhat-to-do-if-immigration-comes-to-your-workplace/ (Panyòl, Chinwa, Koreyen, Tay).

**Gad Timoun pou Paran ak Moun k ap Bay Swen nan Pennsylvania**

- Philadelphia Legal Assistance- https://drive.google.com/file/d/1_RRPmpFCdNT9-vO_0AMI_-_bk60F0zDc/view?usp=sharing

**Pou pwofesyonèl swen sante yo**

- National Immigration Law Center-https://www.nilc.org/resources/healthcare-provider-andpatients-rights-imm-enf/

**Pou Pwofesè ak Etidyan yo**

- National Education Association- https://drive.google.com/file/d/1aiqaSlpXFKoeep8NFUUOhq4tAN62VuWg/view
- PICC- https://www.lutheranadvocacypa.org/wpcontent/uploads/2024/11/Welcoming-Schools- Campaign.pdf
- Arkansas Immigrant Defense- https://aidarkansas.com/wpcontent/uploads/2025/01/Preparing-for-ICE-Raids2024.pdf

**Pou òganizasyon san bi likratif yo**

- **NYLPI**

https://www.nylpi.org/resource/guidance-to-nonprofits-regarding-immigration-enforcement/

# Nimewo Liy Asistans Nasyonal

- Liy èd nasyonal sa yo konfidansyèl, yo gen entèprèt gratis, epi yo fonksyone 7 jou sou 7, 24 sou 24.
- Si ou menm oswa yon moun ou konnen viktim vyolans nan kay, trafik moun, abi sou timoun, vyolans seksyèl, liy asistans nasyonal yo ap ede w:
  - Chèche abri;
  - Kreye yon plan sekirite;
  - Antre an kontak avèk sipò ak sèvis jiridik ak sosyal yo;
  - Lòt sèvis ki kapab ede w jwenn sekirite.

### Liy Asistans Nasyonal kont Vyolans nan Kay

FREE. 24/7. CONFIDENTIAL
NATIONAL DOMESTIC VIOLENCE
HOTLINE
1(800) 799-7233

### Liy Asistans Nasyonal kont Trafik Moun

NATIONAL HUMAN TRAFFICKING HOTLINE

CALL 1-888-373-7888
TEXT "BeFree" (233733)
LIVE CHAT humantraffickinghotline.org

### Liy Asistans Nasyonal kont Agresyon Seksyèl

National Sexual Assault Hotline
800.656.HOPE
online.rainn.org
Free. Confidential. 24/7

### Liy Asistans Nasyonal kont Abi sou Timoun

Childhelp®
Founded in 1959 by Sara O'Meara and Yvonne Fedderson
PREVENTION *and* TREATMENT *of* CHILD ABUSE
CHILDHELP NATIONAL CHILD ABUSE HOTLINE
1-800-4-A-CHILD®

### Liy Asistans Nasyonal kont Prevansyon Swisid o

NATIONAL SUICIDE PREVENTION LIFELINE™
1-800-273-TALK (8255)
suicidepreventionlifeline.org

**Si w an danje imedya, tanpri rele 911. Ou genyen dwa nan peyi Etazini, kèlkeswa estati imigrasyon ou.**